Ассаламу гIалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ

№-31
(9776)

2016 соналъул
27 май

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## «АХИРИСЕБ ЦIУМУР» КЬАБИЯЛЪУЛ БАЙРАМ ТIОБИТIАНА



ТIолго улкаялдаго гIадин, 25 маялъ Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъабазеги кьабуна ахирисеб цIумур.

Байрамалъулаб къагIидаялда ретIа-къарал ва кодор тIугьдузул квацIаби ккурал ясазгун васаз берцин гьабун букIана школалъул минаялда цебе бугеб майдан.

Гьеб къоялъ выпускниказул рекIелъ загьирлъулел рукIана пашманлъиялъул ва рохалил гIаламатал.

Пашманлъиялъул, щай абуни, кIиабилеб рукълъун лъугьараб, гIагараб школагун ва 11 соналъ рухIалда барахщичIого жидее тарбия-лъай кьурал, кIиабилел улбуллъун лъугьарал хириял учительзабигун ва гьудул-гьалмагълъигун къо-мех лъикI гьабизе кколеб букIиналъ.

Рохалилаб щай абуни, гьеб къо кколелъул балугълъиялъул, цIияб, талихIаб ва берцинаб гIумрудулъ тIамулеб тIоцебесеб галилъун.

Выпускниказда байрам баркун кIалъазе вахъана Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул директор ГIиса Окиев.

-Хириял выпускникал! Жакъа нужее кьабизе буго ахирисеб цIумур-гьеб ккола лъимерлъи лъугьиналъул ва балугълъи байбихьиялъул гIаламат.

Нужеда цебе буго лъикIал къиматазда ЕГЭ кьезе хIаракат бахъизе кколеб жавабчилъи цIикIкIараб заман.

Нужеца гьеб нух къадру-къиматалда тезе гьарула икъбалгун талихI. Дица нужее ракI-ракIалъ гьарула, ракIалъ къабул гьабураб махщел тIаса бищизе, ВУЗазда цIализе рорчIизе.

РукIа нуж кидаго росдал, районалъул ва республикаялъул чIухIилъун.

Гьарула нужее талихIаб гIумру, гьабулеб ишалъулъ битIккей. Гьединго дица байрам баркула учительзабазда, цIалдохъабазда, эбел-инсуда ва тIаде ахIарал гьалбадерида.

Гьесдаса хадуб байрам баркун кIалъазе рагIи кьола райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировасе.

Хириял выпускникал!

Райадминистрациялъул рахъалъа ракI-ракIалъ баркула нужеда бищунго рекIее асар гьабулеб ва рохалилаб «Ахирисеб цIумур» кьабиялъул байрамкъо. Жакъа нужеда цере рагьулел руго цIиял горизонтал-щайгурелъул, нужер кинабго гьанже буго байбихьараб, гьединлъидал букIинесеб нужер хьатиниб буго. Гьале нахъе тана школалъул сонал, ракI гьурал переменаби, дарсал. Школалъ кьуна нужее гIемераб. Нужее щвана лъай, лъикIал гьудул-гьалмагълъи, ругьунлъана лъикIлъи-квешлъиялдаса батIа бахъизе.

Нужеда цебе буго жавабчилъи цIикIкIараб заман- лъикIал къиматазда ЕГЭ кьей, ракIалъ къабул гьабураб махщел тIаса бищи ва гIумрудул нух тIаса бищи. Жакъа нужее чIезарун ругел шартIаз рес кьолеб буго нужер щивасул рекIел анищал гIумруялде рахъинариялъе.

Бергьенлъи тIубанго бараб буго церехун ине нужер бугеб гьираялда, рекIелчIеялда ва хIаракатчилъиялда. Дие бокьун буго нужеца эбел-инсул, учительзабазул, гьалмагъзабазул ва гIагарлъиялъул рахъалъа нужедехун бугеб божилъи нужеца ритIухъ гьабизе. Нужер бергьенлъабаздаса гьел кидаго чIухIаралльун рукIине.

Жакъа нужеца росарал бергьенлъаби-гьел ккола районалъул метерисеб чIара-хьараб хIал ва цебетIей. Нуж руго росдал, районалъул ва республикаялъул букIинесеб. Нужеда гьоркьор руго рукIинесел строителал, инженерал, врачал, педагогал ва гь.ц.

ГIумрудул къисмат кинаб бугониги киданиги кIочон тоге гIагараб школа, учительзаби, одноклассникал.

-Хириял выпускникал! РакI-ракIалъ гьарула нужее талихI, битIккей ва лъикIал къиматазда экзаменал кьей. Нух битIайги нужей!

Гьесдаса хадур кIалъазе рахъарал МФЦялъул директор К. ХIажиевас, районалъул Культураялъул рукъалъул директор А. ГIабдулхIалимовас, ДЮСШялъул директор М. МухIамадхIажиевас баркана выпускниказда, учительзабазда, цIалдохъабазда ва гьезул улбузда бищунго рекIее асар гьабулеб ахирисеб цIумур кьабиялъул гьайбатаб байрамкъо.

Бищунго цIализе лъикIал цIалдохъабазе хIурматалъулал грамотаби кьуна гьеб школалъул завуч ГIайшат ГIазаевалъ.

Гьединго кьуна дипломал школалъул общественнияб гIумруялъулъ гIахьаллъиялъухъ ва спорталъулъ росарал бергьенлъабазухъ.

Выпускниказул улбузул рахъалдаса, 11 соналъ жидер лъималазе тарбия-лъай кьурал учительзабазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабун кIалъазе цее яхъана Кавсарат Шалапова.

Киназулго ракIал хIайран гьаруна выпускниказ школагун къо-мех лъикI гьабун ахIарал кучIдуз, махщалида рихьизарурал «Лезгинка», «Вальс» кьурдабаз.

Гьеб рохалилаб тадбиралъул ахиралда исанасеб ахирисеб цIумур кьабуна 11 классалъул цIалдохъан АхIмад ХIажиевас ва 1 классалъул цIалдохъан ПатIимат Сулеймановалъ.

*З. ГIУМАРОВА.*




## БАРКУЛА ХЪУЛУХЪ!



ГIабдулаев Лабазан Къурбанович гьавуна 1959 соналъул 14 марталда АнсалтIа росулъ. 1977 соналда гIагараб АнсалтIа росдал гьоркьохъеб школаги цIалун лъугIизабун, гьебго соналда цIализе лъугьуна МахIачхъалаялда бугеб политехническияб институталде.

1982 соналда политехническияб институтги цIалун лъугIизабун, жиндаго тIадаб рагъулаб борч борхизе Украинаялде Армиялде уна.

1984-1996 соналде щвезегIан хIалтIула Болъихъ «Прогресс» заводалъул цехалъул начальниклъун, директорасул заместительлъун.

1997 соналда Болъихъ районалъул судалъул судебнияв исполнительлъун.

1997-2008 соназда хIалтIана УФССПялъул Болъихъ бугеб отделалъул начальниклъун.

2003 соналда гьес ДГУялъул юридикияб факультет заочнияб къагIидаялда цIалун лъугIизабуна.

2007-2016 соналде щвезегIан Ставрополалда предпринимателасул хIалтIи гьабулев вукIана.

2016 соналъул 4 апрелалдаса нахъе тIамуна Федералияб управлениялъул картографиялъулгун кадастралъул пачалихъияб хъвай-хъвагIаялъул хъулухъалъул Болъихъ бугеб межмуниципалияб отделалъул начальниклъун.

Лабазанил йиго чIужу ва щуго лъимал: ункъго вас ва цо яс.

Районалъул гIадамаз ракI-ракIалъго баркулеб буго Лабазанида цIияб хъулухъ. Гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, талихIаб гIумру ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби!

# АХИРИСЕБ ЦIУМУР-АХИРИСЕБ ДАРС



КIудияб рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана 23 маялда Болъихъ №2 гьоркьохъеб школалда ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбир. Радалго бачунеб музыкаялъул гьаракьалъги, кодор тIугьдузул квацIаби ккурал, жалгоги тIугьдузда релълъун берцинго къачIан ругел выпускниказ гвангъизабун букIана сверухълъиго. Школалъул азбар къачIан букIана батIи-батIиял шариказгун ва школалъе къо-мех лъикI гьабиялъул хъвай-хъвагIаял ругел игIланаз.

Ахирияб цIумур кьабиялъул тадбиралда ракIарун рукIана школалъул цIалдохъаби ва гьезул умумулгун гIагабожарал. ХIурматияб къагIидаялда столалда нахъа кIусун ругоан мугIалимзабиги тIаде ахIарал гьалбалги. ТIугьдузул квацIабигун рачIунел гьитIичаз сверухълъиялъего гIажаибаб берцинлъи кьолеб букIана.

Гьале киналго ралагьун чIун руго выпускникал къватIире рачIиналъухъ. Панаяб макъаналда гьоркь тIерен гьабун мухъгун пара-параби ккун рачIана выпускникал. Гьале жакъа гьез ахирияб нухалъ мугIалимзабазда цебе дарс кьолеб буго, амма гьеб дарс буго хассаб. Бицунеб буго мугIалимзабазул бугеб къиматалъулги гьезие гьединан гIун бачIунеб гIел куцазе хаду-хадубги сахлъиги, рохелги, сабруги гьарулеб буго гьез. Бищунго ракIалда чIарал лахIзатал рагIаби ккола гьезул киназго цо гьаркьидалъун цадахъ лъугьун абурал рагIаби.

«Нужеда гьоркьоса щивав вуго реццалъе мустахIикъав»,-янги абун цIарал ккун ахIана щивав учитель тIаде. Загьир гьабуна гьезие жидерго рахъалъан адаб-хIурматалъулаб баркалаги ва кьуна гьединго сайгъаталги.

Баркиялъулаб кIалъай гьабизе рагIи кьуна школалъул директор СагIаду ХIажибеговасе.

-Хириял выпускникал,-ян байбихьана гьес жиндирго кIалъай. Баркула нужеда ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам. Гьезие даимаб рохелги, гIумрудул талихIги, икъбалги гьарулаго школадагун цIалулъ, общественнияб гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуразе, олимпиадабазда тIоцересел бакIал ккурал цIалдохъабазе баркиялъул ва реццалъул рагIаби загьир гьаруна гьес. Гьединго кIалъазе рахъана райбольницаялъул бетIерав тохтур М. Шагьрудинов, методкабинеталъул хIалтIухъан А. Шамсудинова ва МФЦялъул директор К. ХIажиев ва гь. ц.

АнцIила цоабилеб классалъул цIалдохъабаз анцIабилеб классалъе сайгъат гьабуна «Книга памяти» жидерго гьара-рахьиги тIад хъван ва гьеб гIелаз-гIелазухъе кьун гIадатлъун лъугьинабеян аманатги гьабуна.

Жидерго цIализегун кьурдизе ва кучIдузе бугеб гьунар-махщел бихьизабуна гьитIичазги. Гьеб къоялъ Болъихъ №2 гьоркьохъеб школалъул азбар ва сверухълъи сагьвил гьабун букIана къо-мех лъикI гьабиялъул рагIабазда гьоркь панаго бачунеб макъаналъ.

***П. ДИБИРОВА.***

# КЪО-МЕХ ЛЪИКI, ШКОЛА!

Гьаб соналъул 24 маялда кIудияб чIаголъи букIана Болъихъ №3 гьоркьохъеб школалъул азбаралда. Гьеб къоялде школалъ кIудияб хIадурлъи гьабун бугоан. БатIи-батIиял тIугьдузгун ва кьер-кьерал шариказ ва игIланаз берцин гьабураб школалъул майдан жеги берцин гьабулеб букIана ихдалил тIугьдул кинниги, гIун рачIарал, берцинго ретIа-къарал къачIарал гIолилал ясазгун васаз.

Берцинго бачунеб макъаналда гьоркь гIагараб школалъул майданалде рачIана выпускникал ва ОБЖялъул мугIалим ИсмагIил Шалаповас рапорт кьуна школалда ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбир тIобитIиялъе хIадурго бугилан.

Гьеб рохалилаб тадбир рагьана ва берцинго бачана 9 классалъул цIалдохъаби- Ч. Чупановас ва Ш. Исакъовалъ. Гьез саламалъулаб рагIи абуна учительзабаздаги, цIалдохъабаздаги ва тIаде рачIарал гьалбадеридаги. ТIоцебе кIалъазе рагIи кьуна гьеб школалъул директор ПатIимат Шамхаловалъе.

-Хириял цIалдохъаби! ХIурматиял улбул, гьалбал ва учительзаби!

Жакъа нилъер буго «Ахирисеб цIумур» кьабиялъул байрамкъо. Цоязе гьеб кьабуна ахирисеб нухалъ, цоцоязейин абуни гьеб лъугьана исанасеб цIалул сон лъугIиналъул гIаламатлъун.

Школалъе бищунго аслияблъун ккола тарбия-лъай кьурал цIалдохъаби къватIире риччай. РакIалда ккола выпускниказе школалда цIалулел сонал бищунго лъикIал, талихIаллъун рукIанилан.

Хириял выпускникал! Нахъе тана школалъулал сонал: рохалилал, талихIал, ракIалдаса унарел лъай-хъвайздалъун ва цIиял рагьияздалъун бечедаб.

Лъимал! Щибаб выпуск буго нижее цоцада релълъинчIеб, батIи-батIияб, амма нуж киналго руго нижее ращадго хириял.

Жакъа нужее ахирисеб цIумур кьабидал, нахъе балагьидал, рекIелъ пашманлъигун нужеда ракIалде щвела школалъул сонал кидагIаги тIад руссине гьечIеблъи. Школалъ нуж ритIулел руго гIумруялде тIоцебесеб гали тIамизе. Гьеб ккола гIумрудул аслияб жавабчилъиги нужедего тIаде ккколеб, гIумрудул махщелги тIаса бищизе ихтиярги щвараб къолъун. Школалъ жиндаго цебе лъураб масъала тIубазабуна.

Дир ракIчIола, 11 соналъ нужгун цадахъ рукIарал, кумек гьабурал, нужее тарбия-лъай ва рекIел хинлъи кьурал учительзабаздехун бугеб ракI-ракIалъулаб баркала ва рокьи-хинлъи нужеца тIолабго гIумруялъ рекIелъ цIунизе букIиналда.

Нужер щивасе дица гьарула, хириял выпускникал, лъикIал къиматазда кьезе ЕГЭ ва гIумрудулъ талихIаб билет къватIибе бахъизе.

БитIккей нужей, талихI, сахлъи, рохел.

ХIурматиял учительзаби ! Нужеца лъуна выпускниказда роржине куркьбал, щивав выпускникасе кьуна гIумрудулъ къваригIунеб тарбия-лъай ва рекIел хинлъи. Нужеца тIаса бищараб ишалъулъ гьарула нужее битIккей, ритIухълъи ва цIиял бергьенлъаби!

Выпускниказул эбел-инсуеги баркала буго цоцада ричIчIиялъухъ ва рахъкквеялъухъ. РакIчIараб буго, нужер лъималаз жидедего бугеб божилъи ритIухъ гьабизе букIиналда ва гьезул бергьенлъаби лъугьине нужее гьезул гьабураб тIалабалъухъ ва рокьиялъухъ мустахIикъаб шапакъатлъун. Байрамгун!

Гьединго выпускниказе гьарирахьиялъул ва насихIаталъулал кIалъаял гьарун, кIалъазе цере рахъана райадминистрациялъул аппаратальул нухмалъулев Руслан ХIамзатов, лъай кьеялъул управлениялъул методикияб централъул заведующая Маржанат Абакарова.

Бищунго цIализе лъикIал цIалдохъабазе рохалилаб ахIвал-хIалалда кьуна дипломал ва хIурматалъулал грамотаби. Цоязе дипломал кьуна цIалиялъулъ лъикIал хIасилал рихьизариялъухъ, кIиабилезе- школалъул общественнияб гIумруялъулъ гIахьаллъиялъухъ ва лъабабилезе- спорталъулъ росарал бергьенлъабазухъ.

Гьел выпускникал ккола тIоцебе школалъул, хадур эбел-инсул ва учительзабазул чIухIилъун. Гьеб школалда цIалулел 163-ялдасаги цIикIкIун цIалдохъаби кколел руго гIицIго «4», «5» къиматазда цIалулел.

Гьединго выпускниказе гьарирахьиялъул кIалъай гьабун кIалъазе цее яхъана выпускниказул классалъул руководитель Умукусум МухIамадова.

Выпускниказул улбузул рахъалъа, 11 соналъ жидерго лъималазе тарбия-лъай кьуралъухъ, учительзабазе ракI-ракIалъулаб баркала ва сайгъатал кьезе цее яхъана Хадижат Дибирова. Гьеб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъизе рачIаразул, учительзабазул ва тIаде ахIарал гьалбадерил ракIал хIайран гьаруна гьеб школалъул цIалдохъабаз махщалида ахIарал кучIдуз, «Вальс», «Лезгинка» ва гьединго цогидалги кьурдабаз.



Бищунго рекIее асар гьабуна 1 классалъул цIалдохъабаз выпускниказе сайгъат гьарурал кучIдул цIалиялъ.

Гьелдаса хадуб «ЩIуне гIагараб школа»,-янги абун 11 классалъул цIалдохъан Малика Дибировалъ «Лъаялъул кIул» кьуна 10 классалъул цIалдохъан Рабият ГIумаровалъухъе.

Данделъиялъул ахиралда, исанасеб ахирисеб цIумур кьабуна 11 классалъул цIалдохъан Камила ХIусеновалъ (медалистка) ва 1 классалъул цIалдохъан МухIамаднур Сайпулаевас.

Биччанте, гьез балугълъиялде тIамулеб гали батизе баракатаблъун, талихIаблъун, рохалилаблъун ва битIккараблъун!

***З. ГIУМАРОВА.***

# КЬОХЪ ВА МУНИ РОСАБАЛЪЕ САПАР

Гъал къояз райсоветалъул ветераназул председатель К. ШагIбановас, гьесул заместитель-П. Шагърудиновалъ, КЦСОНалъул отделалъул заведующая С. Абакаровалъ, УСЗНалъул отделалъул заведующий С. ХIасангIалиевас сапар бухьана Кьохъ ва Муни росабалъе.

Росдал администрациялда ракIарун рукIана кьахъдерил актив, жамагIат ва администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби. Гьенибе сапар бухьиналъул аслияб мурад букIана нижер, кьахъдерил жамагIаталда, льготаби кколел гIадамазда бичIчIизе гьабизе жиб-жиб категориялъе кколел бигьалъаби. Гьелда сверухъ щвалде щвараб кIалъай гьабуна УСЗНалъул хIалтIухъан СагIид ХIасангIалиевас.

Данделъиялда гIахьаллъаразул суалазе жавабал кьуна Камалудин ШагIбановас. Гьединго кIалъазе рахъана ПатIимат Шагърудинова ва Сакинат Абакарова. Гьез бицана социалиял хьулухъал лъие кколебали ва кин гьарулебали.



Данделъи ана жигараб хIалалда. Кьахъдерица ракI-ракIалъулал баркалаби кьуна гьалбадерие.

Гьенисан сапар бухьана пихъил заводалъул рукIарал минабазде. Гьединго гьоболлъухъе щвана, 83 сон гIумрудул бугей, янгъизго хутIарай Зулейха ХIусеновалъухъе. Гьелъул тIалаб-агъаз гьабулеб батана гIагарай гIаданалъ, даим гьенийго чIун.

Рехун тарал, жалго хутIарал, пакъирлъиялде ккарал гIадамал, хъизанал росулъ гьечIин загьир гьабуна росдал нухмалъулез.

Хадуб нижер бригадаялъ сапар бухьана Муни росулъе. Гьенибги гьединабго данделъи гьабуна ва ахиралда Муни росулъав, захIматалъул ветеран ва II группаялъул инвалид МухIамад ГIусмановасухъе гьоболлъухъе щвана. Гьев ккола цояб квер гьечIев захIматалъул (трудалъул) учитель, 52 соналъ школалда дарсал кьурав ва гьанже хIалхьуда рокъов вугев пенсионер.

1975 соналъ МухIамад ГIусмановасул тIагIелал лъун рукIана ВДНХялъул выставкаялда «Однорукий учитель труда»-ян абун цIарги лъун.

Живго МухIамадги цIакъ яхI-намус бугев, гIемер къварилъабаз кIвекIарав, гIакълу цIубарав инсан ккола. Гьалбал хирияв, хабар гьуинаб, гьесул гьасда гIемер заман бана. РекIелъ лъикIаб асаргун, гьабураб хIалтIудаса разиго нижги тIад руссана. Хадубги пикру буго гьединал сапарал тIолго росабалъе бухьизе.

**ХадубрагIи**

Кьохъ росулъ ругоан кIиго рагъул гIахьалчагIи-НурмухIамадов ПатахI ва Жамалудинов ГьитIинмухIамад. Гьезие щун гьечIоан мина базе хIукуматалъ биччараб гIарац. Гьезул гьариялда рекъон, цIехрех гьабидал, УСЗНалъул хIалтIухъабаз жигараб хIалтIи гьабулеб батана, кIиявго рагъул гIахьалчагIазе минаби разе риччарал гIарцал щвезариялда тIад. Хьул буго гьезул мурад къокъабго заманалда тIубазабизе букIиналда.

***П. ШАГЪРУДИНОВА,***
***райсоветалъул ветераназул председателасул заместитель.***

# «ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ КЪИСМАТ-УЛБУЗДА КОДОБ» АБУРАБ ФОРУМ ТIОБИТIАНА

23 маялъ Левашиб тIобитIараб «Дагъистаналъул къисмат-улбузда кодоб» абураб форумалда **КЦСОНалъул отделалъул заведующая П.Шагърудиновалъул хитIаб.**

ХIурматиял, гьалмагъзаби!

Кутакалдаса беццараб жо ккола нилъеца Дагъистаналъул миллаталъул гIадатал ва рухIияб бечелъи цIуниялде аслияб кIвар буссинаби.

1999 соналъ Болъихъ ккарал лъугьабахъиназ загIип гьабун букIана гьеб.

Ахир-къадги байбихьана къучIдасанго республикаялъул общественниябгун-политическияб ва культурияб гIумру хисизабизе. Лев Валерианович Лещенкол буго «С чего начинается Родина» абураб кечI.

ВатIан байбихьула гIагараб гьанситоялдаса, гьединлъидал нилъеца гьениб бессизе ккола лъикIлъи, рокьи, гIумру бокьи ва гьелъул кьимат гьабизе лъай.

Эбел ккола гьансито цIунулеб хъаравул, ай аслияй гIадан. Гьелда бараб буго лъималазул тарбия. Лъималазе чара гьечIого хIажат буго эбел-инсул рокьиги, хинлъиги. Эбелалъул рокьи-гьеб ккола лъималазул кьимат гIодобе кколареб гIадаб кваназе квенги, ретIине ретIелги ва лъималазул бергьенлъиялдаса рохелги.

Улбул бизнесалде яги цогидал ишазде руссарал ва чIахIиязул цIобалдасагун тарбиялдаса махIрумлъарал лъимал кквезе рес буго хIажат гьечIел гIадамазул кверщаликье, гьезул сахлъиги букIуна загIипаб. Нижеда, кIудияб гIелалда лъала кинаб букIарабали цебе гIумру. Жакъайин абуни нилъеца гIумру гьабулеб буго цебеялде данде ккун гIемерго лъикI. Дун хIалтIулей йиго социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул идараялда 25 соналъ. Дида гьеб кутакалдаса лъикI лъала. Ханждал таргъа къабул гьабулеб букIана кIудияб хазина гIадин.

Жакъайин абуни. Нилъеца кваналеб буго ракI бараб бокьараб квен. Холодильникал цIун руго, ретIунебги буго лъикIалдаса лъикIаб. Жакъа районалда ралел руго чIухIарал минаби, руго машинаби. ГIумру буго шагьаралда гIадаб.

Нилъеца гIемераб бицен гьабула социалияб ритIухълъи гьечIолъиялъул, коррупциялъул, ришваталъул ва цогидалги гIунгутIабазул. Бокьилаан лъазе кинаб пачалихъалда ахIвалхIал лъикI бугебали. Щибаб заманаялъ дунялалда гIадамаз гIумру гьабулеб букIана цояз лъикI цояз квеш.

Нилъ къеркьолел руго ва къеркьезеги руго нилъее гIумру гьабизе квал-квалал гьарулел гIунгутIабазде данде.

Рамазан ХIажимурадовичасул нухмалъиялда гъоркь къокъабго заманалда кIвана терроризм абураб кIудияб балагьалде данде къеркьон ракI чIараб бергьенлъи босизе. Нилъеда цебе чIезабизегицин кIолароан нилъер ватIаналда рекъел букIина абун. ГIурабго заманаялъ букIана гьеб ахIи бачIеб рагъ. Хвелги, унтиги, бухIиги гъоркь чIун батулаан киса-кибего. Лъалеб букIинчIо радал хIалтIуде унелъулги, садикалде, школалде лъимал ритIулелъулги тIадруссине ругелищ рукъор гьечIелищали. Гъунканани цолъанани кIола сундулъго бергьенлъи босизе. Эбелаз кIудияб кIвар кьезе ккола ВатIан тIегьазабизе.

**Хириял улбул! Нужеде буго дир хитIаб.**

Нуж улбуллъун ругелъул, рокьа нужерго лъимал. Малъе лъикIлъи гьабизе,гьоболасул хIурмат гьабизе, чIахIиязул адаб гьабизе, гIисиназул тIалаб гьабизе. Биччаге тIегьазе гьереси. Бищун хIалихьатав чи ккола-гьерсихъан. В.В.Путиница кидаго абула гьереси бицунге. Гьединго данде къеркьезе ккола жахIдаялдеги.

Бищунго лъикIаб буго-гьими, иман, хьул, рокьи.

РукIунге хъачIал улбуллъун.ГIицIго рокьуца кьола хвасарлъи. Бищунго хирияб бечелъиги, сахлъиги гьеб ккола лъикIал лъимал. КIочон тоге гьез нилъер гIамал босулеблъи.

Хириял лъимал! Васал ва ясал! Киналниги улбузул цIаралдаса дица гьабулеб буго нужеде хитIаб. ГьечIо нижее нужедаса хирияб жо щибгIаги. Кибго гьечIеб гIадин, Дагъистаналда ахирияб къо тIаде щвезегIан улбуз тIалаб-агъаз гьабула жидерго лъималазул. Нижеца гIумру гIабула нужер гIумрудулъ. Сундасанго инкар гьабула кинабго нужее кьезе. ГIумру гьабе мугIрузул согIлъиялъ хIалбихьараб умумузул гIадаталги, гIамалалги цIунун.

Гьарула киналниги форумалъул гIахьалчагIазе рекъел, рокьи ва икъбал.

ГЪУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

учредитель:

Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор

ГI. ГIумаханов

Жавабияй секретарь

З.ГIумарова

Отделалъул редакторал

М. Ибрагьимов

П. Дибирова

А. Агъларов

Мухбирзаби

З.МухIамадова

М. ГIумаханова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
А. Назирбекова

Программист
А. Ибрагьимова

Фотокорр
Ш.Муртазалиев

Адрес: 368970
Болъихъ росу,
Школалъулаб къватI

Телефонал:
Редакторасул 2-20-53
гIаммаб 2-20-37

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Тираж -550
Индекс-51349
Багьа-6 гъурущ

Газета печаталде кьуна

Заказ № _____

Эл. адрес druzhba555@mail.ru

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.
Регист. ПИ

№ 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жавап кьола гьезул автораз.

# Колонка прокурора

## Обновлен перечень жизненно необходимых и важнейших лекарственных препаратов

Распоряжением Правительства Российской Федерации от 26.12.2015 № 2724-р, вступившим в силу с 1 марта 2016 года, установлен список жизненно необходимых и важнейших лекарственных препаратов для оказания медицинской помощи на 2016 год.

Также указанным распоряжением утвержден перечень лекарственных препаратов для медицинского применения, в том числе лекарственных препаратов для медицинского применения, назначаемых по решению врачебных комиссий медицинских организаций.

Составлен список лекарственных препаратов, предназначенных для обеспечения лиц, больных гемофилией, муковисцидозом, гипофизарным нанизмом, болезнью Гоше, злокачественными новообразованиями лимфоидной, кроветворной и родственных им тканей, рассеянным склерозом, лиц после трансплантации органов и (или) тканей, а также минимальный ассортимент лекарственных препаратов, необходимых для оказания медицинской помощи.

Так, например, в минимальный ассортимент лекарств, необходимых для оказания медицинской помощи вошли такие наименования, как клотримазол, доксициклин, амоксициклин, ампициллин, ацикловир, диклофенак, парацетамол, тетрациклин, нитроглицерин, фуросемид, ципрофлоксацин, кагоцел, ибупрофен, ацетилцистеин, лоратадин, панкреатин и другие лекарственные препараты.

Перечень жизненно необходимых и важнейших лекарственных препаратов существенно расширен по сравнению с прошлым годом. Он позволяет держать под контролем цены на существенно большее количество лекарств как отечественного, так и зарубежного производства.

**Д. Джабраилов, прокурор района**

# ИНФОРМАЦИЯ

Министерство труда и социального развития Республики Дагестан (далее - Министерство) доводит до Вашего сведения, что в 2016 году планируется охватить отдыхом и оздоровлением более 23 тыс. детей, находящихся в трудной жизненной ситуации, в детских оздоровительных учреждениях.

В настоящее время Министерством проводиться работа по приобретению путевок в детские оздоровительные учреждения.

В связи с изложенным и в целях проведена мероприятий по организации отдыха и оздоровления детей, находящихся в трудной жизненной ситуации, Министерство поручает провести информационную работу среди населения и представить заявку на потребность в путевках.

Для сведения также сообщаем, что Министерством будут выделяться финансовые средства на оплату проезда детей к местам отдыха и обратно в зависимости от численности детей, направленных на отдых.

**Телефоны для справок: 67-94-58, 64-22-56.**
**Заместитель Министра З.А.Багомедов**

**В связи с этим иметь при себе следующие документы.**
**1. Свидетельство о рождении-копия**
**2. Страховой медицинский полис- копия**
**3. Справка о составе семьи с/совет.**

Примерный перечень лагерей по летнему отдыху 2016 год

| № | Наименование учреждения | | |
|---|---|---|---|
| 1 | "Сулак" | | г.Кизилюрт |
| 2 | "Радость" | | Шамильский район |
| 3 | "Единство" | | Шамильский район |
| 4 | "Алило" | | Шамильский район |
| 5 | "Спарта" | | Шамильский район |
| 6 | "Юность" | | г.Кизляр |
| 7 | "Каскад" | | Гунибский район |
| 8 | "Маяк" | | Гунибский район |
| 9 | "Крепость Шамиля" | | Гунибский район |
| 10 | "Здоровье" | | Гунибский район |
| 11 | "Южный" | | Дербентский район |
| 12 | "Приморский" | | Магармкентский район |
| 13 | "Орбита" | | Буйнакский район |
| 14 | "Планета" | | Буйнакский район |
| 15 | "Данко" | | Буйнакский район |
| 16 | "Солнышко" | | Буйнакский район |
| 17 | "Орленок" | | Буйнакский район |
| 18 | "Космос" | | Буйнакский район |
| 19 | "Костер" | | Буйнакский район |
| 20 | "Терменлик" | | Буйнакский район |
| 21 | "Ласточка" | | Кайтагский район |
| 22 | "Огонек" | | Кайтагский район |
| 23 | "Ореховая роща" | | Кайтагский район |
| 24 | "Березка" | | Гергебильский район |
| 25 | "Турист" | | Гергебильский район |
| 26 | "Планета" | | Гергебильский район |
| 27 | "Орлиная гора" | | Унцукульский район |
| 28 | "Сосна" | | Унцукульский район |
| 29 | "Техноград" | морской | г.Махачкала |
| 30 | "Единство" | морской | г.Махачкала |
| 31 | "Маяк" | морской | г.Избербаш |
| 32 | "Анжи-мастер" | морской | Карабудахкентский район |
| 33 | "Морская гладь" | морской | Карабудахкентский район |
| 34 | "Ласточка" | морской | Карабудахкентский район |
| 35 | "Моряк" | морской | Карабудахкентский район |
| 36 | "Водопад" | | Табасаранский район |
| 37 | "Энергетик" | морской | Каякентский район |
| 38 | "Надежда" | морской | Каякентский район |
| 39 | "Волна" | морской | Каякентский район |
| 40 | "Юность"с.Гаша | | Каякентский район |
| 41 | "Крым" | | Каякентский район |
| 42 | "Дубки" | | Казбековский район |
| 43 | "Нефтяник" | | Сергокалинский район |

# ХIАСИЛАЗ РОХИЗАРУНА

Дагъал церегIан къояз ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъ тIобитIана, КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубаялда хурхун, Совет Союзалъул БахIарчи ГIабдулмажидов АхIмад Дибирович ракIалде щвеялъе 1999 соналда гьаруралв ва гьездаса гьитIинал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ турнир.

Гьеб турниралда бергьенлъи босарал ва призёрал рищулел рукIана 12 цIайиялъул категориялда рекъон-29, 32, 35, 38, 42, 46, 50, 54, 58, 63, 69 ва 76 кг. цIайиязда.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна 25 командаялъ ва нилъер районалдаса АнсалтIа росдал ДЮСШялъул командаялъги.

Къецал тIоритIана Халкъазда гьоркьосеб гугариялъул спорталъул федерациялъул ( FILA) цIиял тIалабазда рекъон.

Гьеб турниралда гIахьаллъи гьабуна 150 чияс. Къецазул хIасилалда АнсалтIа росулъа спортсменал- МухIамад ГъазимухIамадовас (38 кг.) босана 2 бакI, лъабабилел бакIазе мустахIикълъана гьебго росулъа МухIамадамин ХIайбулаев (46 кг.) ва ХIажи ГIабдулаев (54 кг.)

Баркула гьезда ва гьезул тренерасда бергьенлъаби! Гьарула гьезие жеги чIахIиял бергьенлъаби ва битIиккей.

***НИЖЕР МУХБИР.***

# БАРКУЛА, БЕРГЬЕНЛЪАБИ!



Дагъал цере къояз МахIачхъалаялда тIобитIана КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босун 71 сон тIубаялда хурхун, 2001-2002 соназда гьарурал гIолилазда гьоркьоб «Серебряный мяч» абураб ДРялъул общеобразовательниял организациязда гьоркьоб волейболалъул рахъалъ первенство.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна 8 командаялъ ва нилъер районалдаса АнсалтIа росдал гьоркьохъеб школалъул командаялъги.

Къецазул хIасилалда ансадерил командаялъ ккуна кIиабилеб бакI.

Баркула нилъер спортсменазда ва гьезул тренерасда бергьенлъи. Гьарула гьезие жеги чIахIиял бергьенлъаби ва икъбал!

***

Дагъал церегIан къояз Гъизляралда тIобитIана КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубаялда хурхун, 2000-2001 соназда гьарурал ясазда гьоркьоб волейболалъул рахъалъ ДРялъул первенство.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна кинабниги 11 командаялъ. Нилъер районалдаса гьениб гIахьаллъи гьабуна РахатIа гьоркьохъеб школалдаса ва Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалдаса ясаз.

Къецазул хIасилалда нилъер районалъул командаялъ ккуна лъабабилеб бакI.

***НИЖЕР МУХБИР.***

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

В целях упорядочения реализации сельскохозяйственной продукции, и в целях обеспечения жителей плодоовощной продукцией по ценам товаропроизводителей, на территории Советского района г. Махачкалы будут организованы места, для реализации сельскохозяйственной продукции в весенне-летний сезон, в том числе и для реализации сельхозпродукции с автотранспорта.

Для организации упорядоченной торговли представителями Вашего района просим направить, сведения о количестве лиц, имеющих желание реализовать сельхозпродукцию на рынках, в том числе и с автотранспорта.

**Глава Администрации внутригородского района З. Ю. ВАГИДОВ.**

# ФОМСалъ лъазабулеб буго

Гьаб соналъул 20-абилеб маялдаса нахъе медициналъулаб страховияб полис щвезе ккани, хIажалъулел руго гьал хадур рехсарал документал.

14 сон бачIев гражданинасда цадахъ букIине ккола Гьавиялъул хIакъалъулъ свидетельство, СНИЛС ва эбел-инсул цоясул паспорт.

14 сон баразда цадахъ букIине ккола паспортги СНИЛСги.

Гьединлъидал кIудияб гьари буго гIадамазда рехсарал документал гьечIого нижехъе рачIугеян.

2013 соналда АнсалтIа СОШалъ Муртазалиев Ибрагьим АбдурахIмановичасул цIаралда кьураб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат №05- АБ 0089- 466 билун буго.

Гьеб жакъа къоялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**

1985-1986 соналъ Болъихъ №2 школалъ НасухIов ХIажимурад Мукъсимовичасул цIаралда кьураб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат № 246043 билун буго.

Гьеб жакъа къоялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**